

**Sistèm Jesyon Enfòmasyon Sanzabri Cambridge**  
**(Cambridge Homeless Management Information System, HMIS)**  
**DEKLARASYON PWOTEKSYON ENFÒMASYON PRIVE**

- Nou kolekte enfòmasyon pèsònèl dirèkteman nan men ou pou rezon nou diskite nan Avi sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive nou an.
- Nou gendwa oblije kolekte kèk enfòmasyon pèsònèl dapre lalwa oswa dapre òganizasyon ki bannou lajan pou jere pwogram sa a.
- Lòt enfòmasyon pèsònèl nou kolekte gendwa itilize oswa revele pou kowòdone epi amelyore sèvis pou moun ki nan sitiyaasyon sanzabri epi pou konprann pi byen bezwen moun sanzabri yo genyen.
- Nou sèlman kolekte enfòmasyon nou konsidere ki apwopriye.
- Ou gendwa mande yon kopi Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive nou an.
- Nou p ap refize bay sèvis bay okenn kliyan ki elijib ki refize founi enfòmasyon nou mande yo, akondisyon refi sa a pa anpeche Ajans nou etabli elijibilite kliyan an pou l resevwa sèvis yo.
- Politik yo ki nan avi sa a gendwa modifiye nenpòt kilè. Amandman sa yo gendwa enpakte enfòmasyon òganizasyon sa a jwenn anvan dat chanjman an. Amandman konsènan itilizasyon oswa revelasyon enfòmasyon pèsònèl aplikab pou enfòmasyon (done) ki te deja anrejistre nan HMIS, sof si yo endike lekonntrè. Tout amandman yo nan Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive w yo dwe konstistan ak egzijans estanda pwoteksyon enfòmasyon prive HMIS yo.